

L'inyè Pou Lekòl La

Me/Jen 2012

Prèv Bib la sou Delivrans

-Rev. H. E. Williamson

Anpil moun poze tèt yo kesyon tankou : « Èske yon moun kapab konnen lè li sove ? » « Èske nou kapab si e seten nanm nou kapab sove ? » « Èske konvèsyon se yon chanjman reyèl ? » oubyen « Èske nou kapab gen yon nouvo kè ? »

Mèsi Bondye, nou kapab konnen Bondye sove nou—epi nou kapab konnen Li sove nou depi kounye a. Si ou swiv vèsè Bib la ki anba yo, ou va wè ou kapab konnen san okenn dout si delivrans ou reyèl. Yon moun pa kapab yon vrè kreyen san prèv Biblik delivrans sa yo.

Pa gen kondanasyon. Li Women 8 : 1 : « Kounye a, nanpwen okenn kondanasyon pou moun ki fè yon sèl kò ak Jezikri ». Pandan nou nan peche nou chaje avèk kilpabilite. Lè nou reflechi sou jijman Bondye, nou twouble, men lè nou vin jwenn Jezikri epi nou konfese epi abandone peche nou yo, chay la woule ale, epi nou kontan pa gen kondanasyon ki rete ankò sou konsyans nou.

Lapè avèk Bondye. Li Women 5 : 1 « Kounye a, paske nou gen konfyans nan Bondye, Bondye fè nou gras, n' ap viv san kè sote ak Bondye, granmèsi Jezikri, Senyè nou an ». Antanke pechè, nou fè rebèl kont Bondye—nou ni ènmi, ni etranje pou Li ; men lè nou sove, nou reyalize lagè rebelyon ki t' ap aji nan kè nou gentan fini. Nou soumèt zam nou yo epi fè pati lame Senyè a. Rezilta byennere se « Nou viv san kè sote ak Bondye ». Nou di Senyè a mèsi pou sa.


Viktwa sou peche. 1 Jan 3 : 9 di : « Si yon moun se pitit Bondye li ye, li p' ap kontinye fè peche ». Vèsè 8 la di : « Moun k' ap kontinye viv nan peche, se moun Satan yo ye ». Apre nou fin sove, nou rayi peche epi nou gen yon dezi pou pa peche. Vòlè a sispann vòlè, mantè a sispann bay manti, moun ki renmen joure sispann joure, moun ki pa pwòp la vin pwòp, tafyatè a sispann bwè tafya ; nouvo lavi nan Kris bay moun

ki sove a viktwa. N' ap gen tantasyon, se vre, men pamwayen lapriyè ak lafwa nou pote viktwa.

Yon dezi pou rekonsilye mal nou te fè lòt moun. Lik 19 : 8 di : « Zache leve kanpe, li di Jezi konsa: Koute, Mèt. Mwen pral bay pòv mwatye tout byen mwen genyen. Si mwen te twonpe yon moun pou m' pran lajan l', mwen pral rann li kat fwa lavalè ». Anpil fwa lè yon moun fin sove, nou wè yo konfese mal yo te fè lòt moun, peye dèt yo, oubyen pwomèt fè sa lè yo kapab, pote tounen bagay yo te vòlè oubyen peye pou li, epi ranje kont yo te genyen ak moun. Ala yon pisans fò nou temwaye ki tonbe sou moun lè yon moun vin jwenn Bondye epi konfese.

Renmen Bondye. Women 5 : 5 : « Espwa sa a p' ap janm twonpe nou, paske Bondye te fè nou wè jan l' renmen nou lè Li ban nou Sentespri Li ». Moun ki fenk sove a reyalize nan kè li lamou Bondye ki fè li di avèk Jan : « Nou renmen Li paske Li renmen nou anvan ». Lè Bondye plen nou ak renmen Li a, sa ban nou yon renmen nan kè nou pou lòt. Nou renmen lezòt avèk lanmou kreyen, epi nou gen yon dezi pou yo fè esperyans delivrans beni.

Nou se nouvo kreyati nan Kris. 2 Korentyen 5 : 17 di nou : « Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon



lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a ». Tout Ansyen dezi, ansyen abitud, ansyen konvwatiz, ak bagay lemonn, nou kite yo deyè. Nou kite bolèt, epi kite Bib la pran plas li ; plezi lemonn pa atire nou ankò, men nou jwenn yon dezi andedan nou ki atire nou pou ale nan sèvis legliz la ak nan reyinyon lapriyè. Ansyen zanmi nou yo ki nan lemonn kapab wè sa mal, men nou jwenn Jezi, epi kounye a n' ap chache bagay wayòm syèl la. Alélouya !

Temwayaj Sentespri. Women 8 : 16 di nou : « Lespri Bondye a bay lespri pa nou asirans se pitit Bondye nou ye! » Nou pa kapab byen esplike yon moun ki pa sove asirans sa a, men Sentespri a bay chak vrè kretyen asirans andedan li menm ke kounyeya li se pitit Bondye. Kèkfwà nou chante « Quelle assurance, je suis sauvé » (Fransè, Chants d' Esperance), epi lè nou vrèman sove pamwayen gras Bondye, nou pa nan « swete », « panse », ak « devine » sou kesyon sove a, men nou pote temwayaj klè epi deklare avèk Sen Jan ankò : « Mwen konnen mwen soti nan lanmò epi antre nan lavi ».

Sentespri dirije nou. Women 8 : 14 : « Paske, tout moun Lespri Bondye a ap dirije, se pitit Bondye yo ye ». Lè nou viv nan peche, se ansyen nati lachè ak Satan ki dirije nou, men apre nou sove nou gen Sentespri a pou gide nou. Jezi te di : « Sentespri va kondwi nou nan tout verite ». Apre sa nou kapab chante : « Il me conduit, douce pensee » (Fransè, Chants d' Esperance). Konsyans nou vin sansib epi nou santi

Sentespri ap gide nou epi montre nou kòman pou nou fè Bondye plezi.

Lavi lapriyè kòmanse. Galat 4 : 6 di nou : « Pou fè nou wè nou se pitit Li tout bon, Bondye te voye Lespri Pitit Li a k' ap rele: Papa, nan kè nou ». Sa vin natirèl pou pale avèk Senyè a. Nou reyalize Li se zanmi nou ak èd nou. Nou santi nou bezwen kominyon avèk Bondye epi renmen reyini avèk moun ki lapriyè ak renmen Bondye. Lapriyè nesèsè pou lavi espiyèl nou tankou respirasyon ye pou lavi fizik nou. Powèt la ekri sa konsa, « Lapriyè kenbe dife a limen ».

Nou gen yon temwayaj. Women 10 : 10 di nou : « Paske, lè yon moun gen konfyans tout bon nan kè l', se lè sa a Bondye fè l' gras. Lè yon moun deklare ak bouch li devan tout moun li gen konfyans nan Bondye, se lè sa a Bondye delivre li ». Nou gen yon bagay andedan nou kifè nou renmen pale sou afè Bondye. Zanmi nou yo va tandè nou pale kòman nou sove. Temwayaj kretyen an se youn nan gran mwayen ki mennen lòt moun vin jwenn Kris. « Kris te mouri pou peche nou epi leve soti nan lanmò ankò ». Kontinye rakonte sa epi plis benediksyon va vini.

Anfen, chè lektè, èske ou genyen yon prèv klè konsènan delivrans Bib la kounyeya ? Si se non, ebyen kontinye lapriyè jistan Bondye pale avèk ou pou fè esperyans gloriye delivrans ki va fè ou yon kretyen jwaye, kontan, ak viktorye. Bondye beni ou.

Atik sa a soti nan Pilgrim Tract Society
Randleman, NC27317
Itilize avèk pèmisyon

Pran Tan avèk Pitit Nou

Howard G. Bean

Nan lavi sa a kote nou okipe anpil, yon bagay nou sanble manke se—tan. Se poutèt sa, nou gen tandans neglije kèk bagay ki enpòtan pou lòt moun. Men tout sa nou fè pou letènite se pa yon tan ki gaspiye. Konsa, lè nou pran tan pou timoun nou yo, sa se yon investisman valab pou lavi yo.

Kèk moun di pa fwa : « Pi fò timoun pa vle granmoun deranje yo ». Petèt se vre pou kèk timoun, men anpil timoun santi se yon bagay espesyal pou « gran » kouzen yo oubyen zanmi gran frè yo voye je sou yo. Mwen pèsònèlman sonje plizyè fwa lè jenn moun pi gran pase mwen te pran tan pou pale avè m' oubyen fè kèk jès amikal avèk mwen. Menm si sa mande yon ti tan sèlman pou montre yo ou entèrese,

anpil fwa timoun yo va santi yo beni lè yo sonje sa. Lè ou fè sa, se sèlman yon fason pou remèt jès yon lòt moun te fè pou ou.

Adolesan yo kapab di : « Zanmi mwen yo va pran mwen pou timoun piti ». Si zanmi ou yo wè ou konsa, ou dwe chache lòt zanmi. Jezi, ki se pi gran Zanmi nou, te pran tan pou timoun lè Li te kenbe yo nan bra Li. Malgre kèk moun renmen timoun plis pase lòt, tout moun kapab apresye lè yo wè yon moun ki entèrese nan timoun piti.

Kèk moun kapab kwè pa gen benefis pou genyen yon gran enterè nan timoun. Sa pa vre ditou ! Premyèman, timoun kapab aprann nou anpil bagay. Fason yo mete lafwa yo nan Bondye, fason yo asepte

tout moun, ak lòt bon kalite yo genyen kapab menm fè granmoun wont pa fwa. Anplis, lè nou entèrese nou nan timoun yo ki nan fanmi nou, pi devan y' ap pi entèrese nan nou menm tou. Okontrè, konsidere yon jenn ki pa janm okipe nyès li, neve li ak ti kouzen li yo. Deside ou menm, lè moun sa a gentan granmoun, èske timoun sa yo ap entèrese nan li si li pa t' janm entèrese nan yo ?

Gen yon lòt rezon enpòtan ki dwe pouse nou entèrese nan timoun. Pandan y' ap grandi, anpil timoun renmen kopye sou yon moun yo apresye anpil ki pi gran pase yo. Se posib ou se yon ewo pou yon timoun. Lè ou pran tan pou jwe, pale oubyen travay avèk yo, aksyon ou yo kapab (petèt san ou pa konprann sa) enfliyanse yo pou fè menm bagay pou lòt moun.

Anfen, kèk moun kapab kwè genyen lòt bagay ki pi enpòtan pou fè nan wayòm Kris la. Donk, ki enpòtans ou ka genyen nan eseye konprann lè yon timoun

twazan ap pale sou nouvo jwèt li, oubyen gade yon ti bèt neve ou te jwenn nan jaden an ? Men kisa ki kapab pi enpòtan pase sèvi Jezi? Li te di : « Sa ou fè pou menm pi piti nan frè Mwen yo, se pou Mwen ou fè li ».

Tout moun dwe konnen kòman li se yon privilèj pou anrichi lavi yon timoun. Lè nou swiv egzanp Jezi annegad renmen timoun, yo va sonje sa nou te fè ak yo jouk yo vin granmoun. Anplis, tout sa nou aprann nan bon jan kalite ki nan anpil timoun, epi swen yo pou nou anretou, fè efò nou an vo lapenn. Epiou, lè yo vin pi gran, nou swete egzanp nou va pouse yo pran swen « pi piti nan yo » menm jan, pou yo menm tou kapab konprann jwa sèvi Kris nan fason enpòtan sa a. Timoun toutotou nou. Kòmanse kounye a.

–yon etidyan
Itilize avèk pèmisyon
Home Horizons
Desanm, 2011

Yon Leson Sevè

Howard G. Bean

Te gen yon vye granmoun ki te viv ansanm avèk pitit gason li ki te marye. Granmoun nan pa t' wè byen nan je li e men li te tranble. Lè li te chita bò tab la pou li manje, kèk fwa kiyè li rate bouch li, oubyen manje te soti nan bouch li tonbe sou nap ki kouvri tab la.

Lè pitit li ak madanm li te wè sa, sa te fè yo pa ka manje yo menm. Apre yon tan, madanm nan te deside li pa ka wè sa ankò. Maladwat granmoun nan te fè li santi li pa gen ni lajwa ni lapè nan lespri li. Konsa li menm ak mari li jantiman, men ak fèmte, te pran bra granmoun nan epi mennen li nan yon kwen kizin nan. Yo te ba li yon ti ban pou li chita epi yon bòl ki fèt ak tè ajil pou li manje. Apre sa granmoun nan te toujou manje pou kont li nan kwen sa a, li te toujou gade ak anvi fanmi an bò tab la avèk dlo nan je li.

Yon jou men li ki t' ap tranble pa t' kapab kenbe bòl la. Li kite l' tonbe atè epi li kraze.

Bèlfi a te di : « Si ou se yon kochon, ou dwe manje nan yon bwat ki fèt ak bwa ». Konsa yo te fè yon ti bwat an bwa epi yo te bay granmoun nan manje li ladan li.

De moun sa yo te gen yon pitit gason katran yo te renmen anpil. Yon apremidi yo te swiv timoun nan pandan l' ap jwe avèk kèk moso bwa.

Papa a te mande : « Kisa w' ap fè la a ? »

Timoun nan te reponn : « M' ap fè yon bwat pou m' kapab bay oumenm ak manman m' manje lè nou vin granmoun ». Li te bay yon gwo souri paske li te panse y' ap kontan ak li.

Misye a ak madanm li te gade youn lòt ak yon gwo silans. Dlo te koule nan je yo. Yo t' ale nan kwen an epi pran bra granmoun nan epi mennen li tounen bò tab la. Yo te mete li chita nan yon chèz ki konfòtab epi yo te ba li manje nan yon bon asyèt. Nan fen istwa sa a, granmoun nan te manje bò tab la ak fanmi an san yo pa t' janm plenyen ankò pou manje ki te tonbe atè.

Pwovèb 23 : 22 di : « Pa meprize manman ou lè li fin granmoun ». Sa t' ap yon bon bagay pou sonje lè nou bezwen ede granmoun yo.

Anpil paran ap mande poukisa dlo a amè lè se te yo menm menm ki te mete pwazon nan sous la. Se difisil pou antrene yon timoun nan chemen paran yo pa swiv.

Bib la di : « Respekte papa ou ak manman ou ». Sa se yon kòmandman ki pa janm fini.

Atik sa a soti nan *Seed of Truth*, Desanm 2011
Itilize avèk pèmisyon

Kisa Moun va Panse?

Daniel E. Miller

Gen yon ti istwa sou yon nonm ak pitit gason li ki t' apral vann bourik yo a lavil. Pandan yo t' ap vwayaje sou wout la, chak moun te gen yon pi bon lide pou yo pandan yo sou wout pou ale lavil. Yon moun te di papa a dwe monte bourik la, yon lòt te di pitit gason an dwe monte bourik la, epi yon lòt te di pou yo toulede monte bourik la. Anfen, yo de (2) te monte bourik la ansanm. Yon lòt moun te di yo mechan anpil paske yo te dwe pote bourik la pito. Nonm nan te vle fè tout moun kontan, konsa li te swiv konsèy yo chak. Nan kòmansman yo te mache, apre sa yo te monte bourik la, anfen yo te pote bourik la pou satisfè dezi dènnye moun yo te rankontre. Anfen, nonm nan te dekouraje, pesonn pa t' kontan avèk yo, epi bourik la te kouri ale.

Petèt nou ri ti istwa sa a epi nou ka sezi pou wè kòmman nonm nan te asepte lide tout moun. Men lè nou fin ri, petèt nou sonje kèk fwa nou te aji menm jan. Souvan nou te konn deside fè yon bagay selon jan moun pral wè sa olye pran desizyon an sou sa nou kwè nan kè nou. Petèt nou reyalize nan tout sa nou pi pè lè moun pran nou pou bòs kreten.

Moun gen gwo dezi pou zanmi yo renmen yo. Yo jwenn sekirite nan monn sa a lè yo konnen lòt moun renmen chwa y' ap fè, epi ba yo valè pou kalite moun yo te devni. Yo kontan konnen yo pa pou kont yo ; yo kontan wè lè lòt moun fè menm desizyon konsènan lemonn ak sikonstans lavi sa a.

Nan yon sans, sa ka bon. Sa bon lè moun jwenn ankourajman pou viv yon lavi ki sen paske yo wè lòt moun ap fè chwa ki saj pou yo menm ak fanmi yo. Li bèl tou lè angajman yon moun pou Kris ankouraje lòt moun remèt lavi yo bay Kris.

Anmènmtan, lè yon moun gade plis sou kòmman zanmi yo wè li pase pou li gade sou enpòtans ki genyen pou pran bon jan desizyon, sa se yon pwoblèm. Menm si zanmi kretyen nou yo kapab

ban nou bon konsèy pa fwa, yo pa konnen tout bagay, epi yo konn nan erè. Lè nou jwenn n' ap fè desizyon ki plis baze sou sa zanmi nou ak fanmi nou panse olye sou sa Bib la di nou, nou vize twò ba.

Se yon reyalite, lòm pa vrèman estab epi li chanje lide li souvan. Menm yon bon zanmi ki se yon kretyen kapab genyen lide ki pa baze sou verite Bib la. Menm si nou jwenn yon ti plezi nan konnen zanmi nou yo renmen nou poutèt yo panse nou te byen deside, ti plezi sa a pa la pou anpil tan. Anreyalite, lè nou sèlman pran desizyon selon sa zanmi nou yo panse, sa kapab mennen nou nan gwo traka.

Nan Levanjil Jan nou li konsènan kèk lidè relijye ki te vrèman kwè Jezi te Mesi a. Paske yo te pè sa zanmi relijye yo te panse, epi yo te pè pou chèf yo pa t' mete yo deyò nan sinagòg la, yo te kenbe kwayans yo pou yo menm Sa vle di, « Yo te pito lwanj ki soti nan men lezòm pase lwanj ki soti nan men Bondye » (Jan 12 : 42, 43). Malgre yo te alèz pou yon ti tan epi zanmi yo te toujou renmen yo, yo te soufri konsekans pou letènite, paske yo te rejte Kris. Ala yon move chwa.

Sa Bondye vrèman vle pou pèp Li se pou libere yo anba esklavaj fè moun plezi, pou yo jwenn libète nan fè Li plezi. Bondye vle nou konsantre anpremye pou fè Li plezi. Se poutèt sa Li te rachte nou epi rele nou kòm pèp chwazi Li, tankou pitit Izrayèl yo te ye nan tan Ansyen Testaman. Women 2 : 29 esplike sa byen : « Jwif ki jwif tout bon, se moun ki jwif nan kè yo. . . . Lwanj yon jwif konsa pa sòti nan men moun, men nan men Bondye ». Bondye ap rele nou pou nou jwenn libète. Olye nou mande : « Kisa moun va panse ? » Li vle nou mande : « Kisa Bondye va panse ? » L' ap rele nou chache lwanj Li sèl.